

Kesyon moun poze souvan (FAQ)

Èske timoun ki pa gen papye ka ale lekòl nan Vil Nouyòk?

Wi. Chak timoun gen dwa pou resevwa yon edikasyon nan lekòl leta, kèlkeswa sitiyasyon imigrasyon I. Timoun ki gen laj katran oswa ki vin gen katran elijib pou Pre-K epi tout moun ki abite nan Vil la gen dwa pou ale lekòl leta apati laj 5 lane jiskaske yo gradye oswa jiska fen ane lekòl kote yo vin gen laj 21 lane. Èske anplwaye DOE yo pa p mande papye imigrasyon. Si yo okouran sitiyasyon imigrasyon timoun lan yo dwe kenbe l sekrè.

Èske mwen ka vizite lekòl pitit mwen an si m pa gen papye?

Wi. Pou vizite yon lekòl, ou bezwen genyen yon pyès idantifikasiyon ofisyèl ki gen foto. DOE aksepte IDNYC, ki se kat idantite minisipal Vil Nouyòk bay tout moun ki abite nan Vil Nouyòk. IDNYC pa gen ladan enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon. Ou ka anwole pou yon kat IDNYC gratis nan www.nyc.gov/idnyc.

Mwen pa yon sitwayen ameriken. èske m ta dwe enkyete pou yo pa depòte m?

Lwa imigrasyon ka konplike anpil epi ka chak moun diferan. Si w gen dout sou konsekans nouvèl ki fèk parèt sou imigrasyon yo ka genyen sou kapasite w pou rete ak travay legalman nan peyi Etazini, ou ta dwe pale avèk yon avoka imigrasyon pou w ka konprann ki chwa ou genyen. Rele 311 epi di “*immigration legal help*” pou pran yon randevou pou jwen èd legal gratis, ankonfyans sou imigrasyon.

Fanmi m soti, Siri, Iran, Sudan, Somali, Libi oswa Yemen. Èske m ta dwe enkyete sou entèdiksyon Prezidan an nan zafè imigrasyon pou peyi sa yo?

Chak timoun gen dwa pou resevwa yon edikasyon nan lekòl leta, kèlkeswa peyi li soti. Lòd Prezidan an pa chanje anyen nan sa a. Si w gen enkyeted sou kòm lòd Prezidan an ka afekte posiblite poumenm ak fanmi w rete nan peyi Etazini oswa pou vwayaje, rele 311 epi di “*immigration legal help*” pou pran yon randevou pou jwenn èd legal gratis, ankonfyans sou imigrasyon.

Si w gen yon manm fanmi ou kenbe nan ayewopò kounye a oswa si w konnen yon moun yo kenbe kounye a epi ou bezwen èd pou ijans sèlman, rele nan 844-326-4940 pou pale avèk yon avoka volontè kounye a nan JFK International Airport.

Èske Vil Nouyòk patisipe nan aplikasyon lwa imigrasyon?

Vil la pa fè aksyon pou aplike lwa imigrasyon. Se gouvènman federal ki jere zafè aplikasyon lwa imigrasyon. Regleman sou konfidansyalite Vil la, ki pwoteje sitiyasyon imigrasyon ak lòt enfòmasyon sou konfidansyalite, yo la pou kenbe Vil la sennesof ak yon kote pou akeyi tout moun ki abite ladan , paegzanp imigran ki pa gen paye tou.

Èske mwen mèt santi m ansekirite pou rele polis si m bezwen èd?

Wi. NYPD pa mande moun ki viktim krim, temwen ak lòt moun ki mande èd enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon yo. Nenpòt moun ki se viktim yon krim tankou krim hèn ta dwe kontakte Polis Vil Nouyòk NYPD nan 911 oswa kontakte gwoup NYPD k ap travay sou krim hèn *Hate Crimes Task Force* dirèkteman nan (646) 610-5267.

Ki dwa mwen genyen ak ajans ranfòsman imigrasyon ak dwann *Immigration and Custom Enforcement* (ICE)?

Si w gen enkyetid sou ICE oswa si w ta renmen jwenn plis enfòmasyon sou dwa w oswa sa w ka fè pou prepare, pale avèk yon avoka imigrasyon. Gen yon kantite òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki ofri bon kalite sèvis imigrasyon gratis oswa ki pa koute chè pou imigran nan Vil Nouyòk k ap chèche èd legal nan zafè imigrasyon tankou nan pwogram ActionNYC an. Relel 311 epi di "*immigration legal help*" pou pran yon randevou pou jwen èd legal gratis, ankonfyans sou imigrasyon.

Èske ofisyè pou ranfòsman lwa tankou ofisyè imigrasyon gen dwa pou antre nan lekòl leta Vil Nouyòk?

Regleman federal aktyèl yo limite arestasyon, entèvyou, fouy ak siveyans ki gen rapò ak imigrasyon nan kote ki sansib tankou lekòl. Ofisyè ki la pou ranfòsman lwa federal tankou ofisyè imigrasyon, gen dwa pou antre sèlman nan lekòl DOE lè lalwa egzije sa ak sèlman apre yon lekòl fin kontakte avoka DOE yo. Si yon ofisyè ICE ale nan yon lekòl pou rezon imigrasyon, ajan sekirite lekòl la ap rele direktè a, ki pral rankontre ofisyè ICE la nan biwo sekirite a. Direktè a ap konseye ofisyè a li dwe rete tann deyò biling lekòl la pandan l ap kontakte avoka DOE yo. Direktè a pral avèti tou paran an oswa responsab la apre li fin kontakte avoka DOE yo. Anjeneral, ofisyè pou ranfòsman imigrasyon yo ap gen dwa sèlman pou antre lè yo bon jan manda lajistis oswa nan kèk sitiyasyon ki ra anpil kote kèk tip ijans egziste epi ki egzije mezi ijan.

Kisa k ap rive si yo pa vin chèche yon timoun lekòl paske yo arete/depòte paran/responsab la?

Si yo pa vin chèche yon timoun lekòl, lekòl la ap swiv pwotokòl regilye yo epi direktè a oswa reprezanatn l ap rele moun ki sou kat enfòmasyon pou ijans lan. Si lekòl la pa jwenn okenn moun pandan yon peryòd tan ki rezonab, piò lekòl yo ap kontakte estasyon polis ki tou pre yo, ki pral pran mezi ki apwopriye ki kapab yon vizit sou byennèt timoun lan lakay li. Si yo toujou pa ka jwenn okenn moun, estasyon polis la ap pran timoun lan sou responsabilite yo epi l ap kontimye eseye kontakte moun pou ijans yo oswa yo ka kontakte Administrasyon pou Sèvis Timoun *Administration for Children's Service* (ACS).

Èske gen yon bagay mwen ka fè pou asire m pitit mwen yo gen pwoteksyon?

pran tan pou mete enfòmasyon ki nan kat ijans lan ajou nan lekòl pitit ou a pou ajoute non ak nimewo telefòn adilt(paegzanp manm fanmi, moun k ap gade timoun, vwazen oswa lòt paran lekòl) ki ka pase chèche pitit ou a si w pa la. Fè sa pou lekòl ou a, pou pwogram pre-K a oswa gadri a ak nenpòt pwogram aprelekòl pitit ou a ye.

Ki kote mwen ka jwenn èd legal sou imigrasyon?

Lwa imigrasyon konplike. Ou ka jwenn yon avoka imigrasyon ki onèt, kalifye pou ede w nan pwoblèm imigrasyon w lan. Evite fwod nan imigrasyon: okenn moun ki pa yon avoka pa ka bay èd legal. Gen yon kantite òganizasyon ki pa la pou fè pwofi ki ofri bon kalite sèvis imigrasyon gratis oswa ki pa koute chè pou imigran nan Vil Nouyòk tankou nan pwogram ActionNYC an.

Konsiltasyon gratis sa ka konekte w avèk yon avoka imigrasyon ki kalifye epi li ka ede w evite fwod. Rele 311 epi di "*immigration legal help*."

Ki kalite sèvis ki disponib nan Vil la pou mwen ak fanmi m?

Pifò sèvis nan Vil la disponib pou moun ki abite nan Vil Nouyòk, tankou imigran ki pa gen papye paegzanp ale lekòl oswa itilize sistèm sante sa oswa lòt sèvis. Anplwaye Vil la pa p poze kesyon sou sitiyasyon imigrasyon sofsi li nesesè pou yo fè travay yo. Yo dwe kenbe sitiyasyon imigrasyon yo konfidansyèl.

- **IDNYC** – IDNYC se kat idantifikasyon Vil la bay tout moun ki abite Vil Nouyòk. IDNYC pa gen ladan enfòmasyon sou sitiyasyon imigrasyon. Pran yon randevou nan www.nyc.gov/idnyc.
- **swen sante**
 - Gen swen sante pou ka ijans ak ka ki pa ijans ki pa koute chè ki disponib pou tout moun nan lopital ak klinik leta ak nan lòt klinib ki pa koute chè. Telefone 311 pou jwenn plis enfòmasyon.
 - NYC Well se yon kontak konfidansyèl pou swen sante mantal nan plis pase 200 lang, nenpòt lè nan jounen an. Rele nan 1-888-NYC-Well, tèks mo WELL nan 65173, oswa ale sou www.nyc.gov/nycwell
- **Gadri** – Fanmi ki pa touche anpil lajan ki gen timoun ki gen laj 6 semèn jiska 12 lane ka resevwa swen gratis oswa bon mache pou timoun. Telefone 311 pou jwenn plis enfòmasyon.
- **Manje ak abri nan ka ijans** – gen kote nan Vil la ki bay manje gratis pou moun ki nan bezwen. Pwogram akèy la ka ede moun ki abite nan vil la evite antre nan sistèm abri (shelter)
 - a. Telefone 311 pou jwenn plis enfòmasyon.

Kisa mwen ta dwe fè si m santi pitit mwen an oswa mwen menm se viktim diskriminasyon oswa arasman?

Moun ki abite nan Vil Nouyòk gen dwa pou yo viv san diskriminasyon, vanjans ak arasman, kote y ap travay, nan lojman, nan plas piblik ak nan lekòl leta. Pou jwenn plis enfòmasyon oswa pou rapòte yon ensidan, kontakte lyezon respè pou tout moun *Respect for All* (RFA), rele 311 oswa rele Komisyón Vil Nouyòk sou dwa moun nan nimewo gratis *NYC Commission on Human Rights* (718) 722-3131.